MINISTÈRE
DE L'EUROPE
ET DES AFFAIRES
ÉTRANGÈRES

*Liberté*
*Égalité*
*Fraternité*

DIRECTION DES RESSOURCES HUMAINES

———

SOUS-DIRECTION DE L'ATTRACTIVITÉ ET DES RECRUTEMENTS

———

Bureau des concours et examens professionnels

# Concours externe, concours interne et troisième concours pour l'accès à l'emploi de secrétaire des affaires étrangères (cadre d'Orient) au titre de l'année 2026

**Épreuve écrite d'admissibilité n°4**

Mercredi 26 novembre 2025

## Wolof

## Section Afrique

Durée totale de l'épreuve : 3 heures - Coefficient : 3
*Toute note inférieure à 10 sur 20 est éliminatoire.*
Dictionnaire autorisé

Réponses courtes, dans la langue choisie au moment de l'inscription, à des questions à partir d'un dossier composé dans cette même langue permettant d'apprécier les connaissances linguistiques et l'aptitude à formuler des réponses complexes sur les sujets d'actualité en lien avec la section choisie.

Ce dossier comporte 5 pages (page de garde, sujet et sommaire non compris)

## Sommaire

Document 1 ........................................ 1
Document 2 ........................................ 3
Document 3 ........................................ 4
Document 4 ........................................ 5

## Questions

### Question 1 (7 points) :

Ci yan anam la mbay mi ci Senegaal doone lu am solo ci mboolem-nawle mi ?

### Question 2 (7 points) :

Lan lanu man a wax ci ñàkkum yem kom-kom ci diggante mboolem-nawle mu Senegaal ?

### Question 3 (6 points) :

Yan jàngat lanu man a jéle ci palaasu jigéen ñi ci sinemaa wu Senegaal ?

## Document 1

**Li ko dale ci aaye ba ci defaraat : jaar-jaaru film « Kàddu baykat » bu jigéenu Senegaal jooju nu naan Safi Fay**

Nu ngiy defaraat « Kàddu Baykat », filmu Safi Fay, defarkatu film boobu di doomu Senegaal, te mu faatu ci atum 2023, gannaaw bi mu génnee juróom-fukki at ba léegi. Mbir mi dafa am solo lool ndaxte filmi Safi Fay yi dañoo jafe gis wala dañoo xaw a yàqu ndaxte deñcunu leen bu baax. Liggéeyi Safi Faye yi, nit ñi xamuñu leen bu baax doonte moom, Safi mooma, ci Afrik, moo nekk jigéen ju jëkk ci dëkki suufu yay wu Saara, ju def film bu gudd ci Sinemaa.

« Dama tànn àdduna baykat yi ndaxte baykat laa, ndaxte sama baay jàng na lekool tuuti wante sama yaay moom, masul a jàng. Ay baykat lañu. Dañu ñów dëkku taax ngir liggéey moo tax ma tànn fésal àdduna baykat yi, ndaxte loolu rekk, man na muccal Afrik ba tax mu man a bay lépp li mu soxla ngir dund. Amunu ay isin, amunu petarool, kon boog danu war a bay ngir xale yi di judd man a am lu ñuy dunde », loolu la Safi Fay wax, ci atum 2010. Dafa nettali gis-gisam ci sinemaa bi mu filmee li am ci dëgg-dëgg ci biir Afrik. Filmam « Kàddu Baykat », mu ngi ko def ak nitu dëkk bi mu juddoo.

Faatu Kine, as soxna suy def ay benkeñenke ci wàllu sinemaa jàpp na ne : « Safi defarkatu film bu jege lool lu xew ci àddunam la, maanaam waa kaw ga. Lu ko wuutel ak defarkutu film yu waa réewam mooy, ñooñu dañu daan wone dëkku taax, wante moom, kaw ga moo ko gënal, filmam yi yépp yëfi kaw ga lañuy wone. Bu nu fàtte ne Safi etnolog la ». Moom, Faatu Kine, dellu na waxaat ne : « « Kàddu Baykat » dafa tax a Safi solowoo lu xew ci dëkkam, filmam yii nga xam ne dañu leen di njariñoo tey ngir nu gën a xam naka la kaw gi di doxe, te loolu dafa xew ba léegi. »

Dawal nanu filmu Safi Faye moom, mii nuy woowe « yaayu sinemaa wu Afrik », ci atum 1975, ci festiwaalu Berlin. Am na fa ndam lu réy, waaye tere nanu ko ci Senegaal bi mu génnee.

Baaba Jóp, ab góor guy def ay benkeñenke ci wàllu sinemaa, ne na : « Ca jamonoy Senghor lanu nekkoon te li mu doon wax [film bi] - maanaam séddaatle koppar gi ci DTT bu baykat yi nga xam ne dañu amoon ay jafe-jafe fay lempo bi – lu am sañ-sañ la, kenn ñemewu ko woon def. Film bi Tugal la doon dawe, *ci fu nuy wone sinemaa yu nuy jaxe*, ci saal sinemaa yu ndaw yi. Bi ma nekkoon eleew ca Faraas, seetaan nanu ko woon bu bare, jàngoon nanu ko te abalante nanu ko woon sunu biir itam. Filmu dëkk ba la. *[Safi Fay]* nit ku dogu la woon ci ngañaayu baykat yi, xalaas, filmam danu ko tere Senegaal bi mu génnee, ni film bu tudd « Làmbaay » bu Jonson Tarawore, bu doon wax ci nger ».

Dawal nanu ay filmi Safi Fay ci festiwaal bu nuy woowe « Trois continents » ngir màggal ko. Loolu mu ngi amoon ci dëkk boobu bu tudd Nànt, ci Faraas, ci atum 2023. « Kàddu Baykat » bokk na ci. Jamono jooju, bindoon nanu sax, ci ab surnaal, ne : « Àdduna baykat sii danu koy gis sax ci mujjum nit ñi nekk ci film bi, ci gëti xale yi itam, ci dëkk bi itam fu góor ñi di tambaambaalu. Ndaxam etnolog la, Safi Fay dafa soppi ni nu daan xoole sinemaa yu etnolog yi di def. Ni mu ko defe mooy dafa tekk ci nataalam yi, téye fu mu téye rekk te ci kumpa,

kàddoom ci boppam, maanaam, kàddu gu ab doomu baykat ju nuy naan : « Xool leen naka lanuy liggéeye ci sama réew ak naka lanuy dunde » ».

## Document 2

Ab seri Senegaal bu nu dul doyal, maanaam « Mari ak Momo », man nanu ko gis ci YuuTub. Lépp a safaanoo Mari, ndaw su jigéen su juddoo ci mboolem-nawle mu Ndakaaru mu am alal ak Momo, ndaw su góor su ndóol su juddoo ci gox bu nit ñu néew-doole yi dëkk. Bu weesuwee mbëgeel gi, sosinu waa Marodi wii dafay gëstu ci xaajaloo mboolem-nawle mi, mu nekk nag lu fés torop ci Senegaal.

Nu ngiy dawal film bi ci ag kër ci Wakaam, ab gox bu nekk ci Ndakaaru, fu nit ñu néew-doole yi dëkk. Fii, liggéey bi du ci estijó lanu koy defe wante fu nit ñi dëkke ci dëgg-dëgg, ngir gën a jege askan wi nu muy dunde. Ci biir seri bi, Mari ak Momo, ñaari nit ñu nekk ci film bi yu lépp safaanoo. Mari, ndaw su jigéen su bokk ci njabootu gurmet gu am alal ; Momo, ab minise bu nekk ci ndawam, dëkk ci banliyë bi te am ay jafe-jafe dimmali yaayam ju nga xam ne dafa jagadi.

Saŋ-Peer Uribaas Koli, moom mii nekk Momo ci film bi, ne na : « Nit ku ma doon ci film bi dafa méngoo ak ñu ci gën a bare ci ndaw ñi tey, ñu nekk ci ay nekkin yu wóoradi, ba ñuy gone, di daan seeni doole bés bu nekk.

Xadijaa Jalló, moom mii nekk Mari ci film bi, ne na : « Man maay Mari-Roos Jox, ab jigéen ju juddoo ci njaboot gu am solo te am xaalis ci Ndakaaru, jigéen ju reew. Mari-Roos xamul jafe-jafe àdduna ci dëgg-dëgg ndaxte ci fu borom alal yi nekk la dëkk, fu sore ak fu néew-ji-doole yi dëkk ».

Bi mu amee ay jafe-jafe ci seen kër, Mari-Roos nekk ci mbedd mi. Momo dalal ko. Ci lañu dooree dëkkandoo bu jéggi dayoo dale ko ci ay jëfin yu cosaan yu wute, kumpa yu seeni njaboot jëmale ko ci mbëgeel.

Maam Seex Anta Fofana, ab defarkatu film, moom, ne na : « Nun, li nu bëgg a wone mooy ne ñaari àdduna yi man nañu mottaliku. Dinanu ko gis ak Momo, moom miy dimmali Mari. Mari itam, moom miy jàngal Momo ay yëf. Waaye itam yaayu Momo miy jàngal Mari ay yëf itam. Ñaari àdduna yi manuñu ñàkk a jokkalante ndaxte dañu soxlante ».

Mari ak Momo, ci ay lepisod yuy ñów yu bare te ñuy tax ba nuy yàkkamti yeneen yi jàllaat, dafay wonne kon xalaat yi, naka la mboolem-nawle mi xaajaloo ci wàllu diine ak ci yëfu doomu-aadama, maanaam góor ak jigéen. Lii nak ay ponk yu nu dul waxtaaneegum lañu nak fii ci Senegaal. Waa Marodi nak dañu ci xareñ. Marodi dafa yaakaar, ak film bii, am ndam lu mu amoon ak yeneen film yu mu defoon yu mel ni « Maîtresse d'un homme marié », maanaam corowu ag góor gu am jabar. Film boobu dafa doon wax ci njaaloo ak ci bare jabar.

Seraldin Saar, defarkatu film ci Marodi, ne na : « Lu Marodi bëgg saa-su-ne mooy indi ay yëgg-yëgg yu xóot. Tey, soo bëggee dawloo yaramu ab seetaankatu tele, soo bëggee tooyloo ab xol, danga ko war a won lu am ak lu man a dawloo yaramam ci dëgg. Waaw, xew-xewi bés bu nekk yi dañuy waxloo nit ñi, yëf yuy xew ci askan wi man nañu waxloo nit ñi. Nun danuy wone naka lañu mel. Ku ne nak man na ci am jàngatam ».

## Document 3

**Senegaal : Festiwaal bu nuy woowe « CULTUR'ELLE » mu ngiy amaat ci Ndakaaru ngir màggal « jëf te yàlla tax ngir njariñu askan wi ak jàmmu mboolem-nawle mi »**

Ñetteelu festiwaal « CULTUR'ELLE » dina am ci Ndakaaru dale ko bésu 29 ci weeru otobar ba fan wu jëkk ci weeru nobembar ci atum 2025. Bu nu sukkandikoo ci xibaar yu sunuy naataango bu surnal Kawtef, xew mi nga xam ne kuréel gu tudd « Racine Prod » moo ko tëral, dina fésal liggéeyu jigéen ñi. Ponk bi mooy « Jigéen, jëf te yàlla tax ngir njariñu askan wi ak jàmmu mboolem-nawle mi ».

Li nu tëral bii yoon mooy ay waxtaan, ay jégaajél ngir liggéey ak itam ay bërëb fu nuy dalale artist yi ci Karibu. Konseer bu ngand lanuy tëgg ci bés bu nuy téjee xew mi ci kër gu nu jagleel aada wu dëkku taax ngir njeextalu mbuumbaay mi.

Ay kàngam yu bare yuy yëngu ci mbooloo Afrik dinañu teew. Ci gan yu mag ñi, ñii bokk nañu ci : Ami Yerewolo, ab woykatu rap bu mag bu Maali, bu dëkk Faraas, ak Awa Bling, ab jigéenu Gambia, woykatu rap bu nu ràññee ci xeexu lu ñeel jigéen ñi ak ndaw ñi.

Ngir bañ a soppi xeex bu muy def ngir askan wi, festiwaal bi dina dëggal taxawaayam. Ci weeru desambar dinanu maye ay ndawtal jigéen ñu nu téj ci kaso Kan penal. Lu tax a jóg jëf jooju mooy dëggalaat yéene xew-xew bi maanaam njariñoo aada ngir daraja ak jàmmu mboolem-nawle mi.

## Document 4

**Senegaal – Seri « Debbo » : Nu ngiy feeñal ci tele bi kumpa jigéen ñi ak kujje yu am ci diggante njaboot yi**

Seri waa Senegaal bu tudd « Debbo », te nga xam ne waa Marodi ñoo ko génne, mu ngi wéy di gëstu ci mbiru jigéen ñi. Dawal nañu ñeenti lepisod boobu ba léegi. Seri bi dafay bàyyi xel ci naka la kóllëre yi di doxe ak natu yu jigéen ñi di jànkoontel ci Senegaal.

Bu nu sukkandikoo ci xibaar yu surnal Kawtef yi, seri bi li mu sumb dafay wone ay ponk yu mel ni mbëgeel, wor, kumpa yu njaboot yi ak xiiroo ak ŋaayoo yi. Seri bi dafa jél ay jigéen ñu dëggër-fit ngir wone xeex bu nuy def bés bu nekk waaye itam seen yéene ak seen naqar. Loolu nak dafay firndeel jafe-jafe yu seen nekkin ci mboolem-nawle mi.

Liggéey bi dafa bokk ci li nu seetlu ci sinemaa bi ci Senegaal, mu di film yi dañuy wax ci naka la askan wi di dunde ci dëgg-dëgg. Yeneen mbir yu mel ni seri « Borom kër », dañu wax ci ayu njaboot yi ak kumpa yi nga xam ne man nañu yëngal ag kër.

Ak « Debbo » nak, waa Marodi ñu ngi wéy di yokk filmi dëkk bi. Sunu surnal bi waxoon na ci fan yi weesu ci ndoortelu seri « Doomu baay » bi nga xam ne waa Marodi ñoo ko def. Loolu nak dafay firndeel gëdd bu ñu am ci anam gi.